



Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEKLARE ETA DIJANS ANVAN YON TAN FRÈT EKSTRÈM  
AK GWO TANPÈT IVÈNAL YO PREVWA POU WIKENN SA A**

*Alèt nan kad tan frèt ekstrèm nan ap an vigè soti 7 p.m. vandredi rive 1 p.m. samdi pou rejyon North Country; Tanperati yo ka santi yo ka atenn jiska -46 degre celsius (-50 degre fahrenheit) vandredi swa, epi -34 degre celcius (-30 degre fahrenheit) samdi swa*

*Gwo tanpèt ivènal ap frape Nouyòk depi dimanch maten rive lendi; yo prevwa 30 a 45 santimèt (12 a 18 pous) nèj nan Vil Nouyòk, Long Island, Hudson Valley, Rejyon Kapital, Southern Tier, Mohawk Valley, rejyon Sid North Country ak kèk pati nan Santral Nouyòk, epi 15 a 30 santimèt (6 a 12 pous) nèj nan Rejyon Lwès Nouyòk ak nan Rejyon Nò North Country*

*Sou enstriksyon Gouvènè a, ajans repons eta yo te angaje yo nan preparasyon pandan plizyè jou*

*Gouvènè a anonse sispansyon vòt antisipe pou eleksyon espesyal nan Vil Nouyòk ki pral fèt 3 fevriye a, dimanch 25 janvye ak lendi 26 janvye*

*Yo mande pou tout anplwaye eta ki pa esansyèl yo travay a distans nan lendi, nan mezi sa posib*

*Nouyòkè yo ka enskri pou resevwa mesaj tèks sou meteyo ak alèt ijans lè yo voye mesaj nan nimewo 333111*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te deklare yon Eta Dijans anvan yon tan frèt ekstrèm ak yon gwo tanpèt ivènal ki pral afekte plizyè zòn atravè tout eta a nan wikenn sa a. Tan frèt ekstrèm nan ap kòmanse vandredi swa, ak tanperati yo ka santi ki anba zewo nan tout eta a, vandredi swa ak samdi swa. Dimanch maten, yon gwo tanpèt ivènal pral kòmanse frape eta a, epi li pral kontinye jiska lendi kote Vil Nouyòk, Long Island, Hudson Valley, Rejyon Kapital, Southern Tier, Mohawk Valley, rejyon sid North Country, ansanm ak kèk pati nan Sant Nouyòk, ka resevwa ant 30 a 45 santimèt (12 a 18 pous) nèj. Rejyon Lwès Nouyòk ak rejyon nò North Country pral resevwa ant 15 a 30 santimèt (6 a 12 pous) chit nèj an total.

"Sezon ivè nan Nouyòk se pa yon bagay nou pa ka jere, men li enpòtan pou nou pran oserye risk ki lye ak tan frèt ekstrèm yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouyòkè yo ta dwe evite vwayaje pandan chit nèj la, sitou ak danje ki genyen lè w bloke sou wout la nan tan frèt sa yo. Si ou oblije vwayaje, prevwa plis tan vwayaj, epi pote pwovizyon tankou dra, dlo, ak ti goute machin ou. Sekirite toujou pi gwo priyorite a, kidonk asire ou pare pou fè fas ak tanpèt sa a."

Li posib pou gen chit nèj ki ka atenn jiska 5 santimèt (2 pous) oswa plis pa èdtan nan bann nèj ki pi lou yo, sa ki pral redui vizibilite sou wout yo. Nouyòkè yo ta dwe evite vwayaje pandan tanpèt chit nèj la, paske konbinezon kondisyon kondwit ki danjere ak tan frèt ekstrèm pral reprezante yon gwo risk.

Kòm yon pati nan Eta Dijans ki te deklare a, Gouvènè Hochul te anonse tou sispansyon vòt antisipe pou eleksyon espesyal 3 fevriye yo nan Vil Nouyòk, dimanch 25 janvyè ak lendi 26 janvyè. Eta a ap travay ansanm ak Komisyon Elektoral Vil Nouyòk (New York City Board of Elections) la pou pwolonje lè ouvèti yo pandan rès peryòd vòt antisipe a, pou konpanse lè ki te sispann yo.

Anplis preparasyon pou nèj ak van, Nouyòkè yo ta dwe prepare tou pou pwoteje tèt yo kont danje ki ka soti nan tanperati frèt ak aktivite sezon ivè yo. Dapre règleman Eta a, yon Kòd Ble otomatikman anvigè nenpòt lè tanperati a ak van frèt enferyè a 0 degre C (32 degre F). Distri sèvis sosyal lokal yo legalman gen obligasyon pou pran mezi nesèsè pou asire moun ki sanzabri gen aksè akabri epi lèabri yo pwolonje. Nouyòkè yo ta dwe tcheke [konsèy meteyo sou fredy sa yo ki soti nan Depatman Sante \(Department of Health\)](#); [lèt enfòmasyon konsèy pou anpeche po ki vin jele ak ipòtèmi](#); [enfòmasyon sou anpwazonman monoksid kabòn ak fason pou anpeche li](#); [enfòmasyon sou bon itilizasyon jeneratè yo](#); ak [konsèy sou jan pou kondwi an sekirite pandan ivè](#).

Depatman Travay Eta Nouyòk la (Department of Labor) konseye travayè yo ak anplwayè yo pou yo angaje yo nan meyè pratik kont move tan frèt ekstrèm yo tankou:

- Limite travay deyò, bay repo souvan nan zòn ki cho yo epi planifye travay deyò pandan lè ki pi cho nan jounen an.
- Asire aksè ak dlo pwòp ki potab.
- Rete idrate ak bwason ki cho epi evite bwè kafeyin.
- Mete PPE ki apwopriye, ki gen ladan omwen twa kouch rad, gan oswa mitèn, chosèt ki epè, soulye izolan ak yon chapo, kapich oswa yon doubli kas sekirite.

[Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pi bon pratik pou travay nan move tan frèt la.](#)

Yo pibliye Alèt Kont Tan Frèt Ekstrèm, Avètisman kont Tanpèt Ivènal ak Konsèy sou Move Tan Sezon Ivè a, epi Nouyòkè yo ta dwe siveye deprè previzyon lokal yo, epi konsilte mizajou Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la pibliye. Pou kapab jwenn yon lis konplè alèt yo, vizite sit entènèt [Sèvis Meteyowolojik Nasyonal](#) la.

Nouyòkè yo dwe asire ke alèt ijans gouvènman an aktive sou telefòn mobil yo. Nouyòkè yo ka enskri tou pou resevwa mesaj tèks sou meteyo ak alèt ijans an tan reyèl lè yo voye non konte oswa distri yo nan nimewo 333111.

### **Preparasyon Ajans**

#### **Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)**

Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management) Divizyon an rete an kontak ak omològ lokal li yo epi prepare pou fasilite nenpòt demann lokal pou asistans. Rezèv eta yo pare pou deplwaye resous entèvansyon ijans ak atik jan sa nesèsè. Sant Siveyans Eta a, ki se sant alèt ak avètisman 24 èdtan sou 24 ak 7 jou sou 7 nan Nouyòk la, ap siveye trajektwa tanpèt la ak enpak li sou tout eta a ak anpil atansyon.

#### **Depatman Transpò (Department of Transportation)**

Depatman Transpò Eta a ap kontwòle kondisyon meteyo yo epi li prepare pou entèvni avèk 3,692 sipèvizè ak operatè. Ekip rejyonal yo angaje yo kounye a nan efò entèvansyon kont nèj ak glas ak aktivite preparasyon yo. Tout lokal rezidansyèl yo pral kontinye gen anplwaye sou plas pou yo ka fonksyone 24/24, 7/7 pandan tout dire evènman an ak operasyon netwayaj priyorite yo.

Yo deplwaye tout ekipman ki disponib pou nèj ak vèglas. Flòt Mekanik nan zòn ki afekte yo ap gen anplwaye nan tout lye rezidans prensipal yo 24/7 pou fè reparasyon epi mentni kamyon yo sou wout la. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,624 gwo kamyon chasnèj
- 148 chasnèj mwayen
- 52 remòk chasnèj
- 337 gwo chajè
- 37 aparèy pou soufle nèj

Yo pral re-evalye bezwen pou plis resous jan kondisyon yo mande pandan tout dire evènman an. Pou jwenn enfòmasyon sou sikilasyon antan reyèl, otomobilis yo dwe rele 511 oswa vizite <https://www.511ny.org/>, sous enfòmasyon sou vwayaj ak sikilasyon ofisyèl Eta Nouyòk la.

#### **Otorite Thruway (Thruway Authority)**

Otorite Thruway pare pou li entèvni avèk 685 sipèvizè ak operatè ki disponib. Kantite ekipman ak resous ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 345 kamyon chasnèj pwa lou ak pwa mwayen
- 10 remòk chasnèj
- 65 chajè
- 114,000+ tòn sèl disponib

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal ([X](#) ak [Facebook](#)) yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Yo ap raple otomobilis yo ke veyikil chas nèj Thruway yo kouri a yon vitès 56 kilomèt (35 mil) pa èdtan — sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki afiche a — nan objektif

pou kapab asire ke sèl yo ap dispèse a rete nan liy kote moun kondwi yo epi li pa gaye soti sou wout la. Kote ki pi pa gen danje pou chofè yo dèyè chasnèj yo kote wout la lib ak sale.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) epi swiv [@ThruwayTraffic](#) sou X pou dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway la.

### **Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)**

Depatman Sèvis Piblik Eta Nouyòk la rete angaje l ak konpayi sèvis piblik elektrisite yo pou asire yon preparasyon ak yon repons apwopriye e alè pou nèj efè lak la k ap kontinye a, nèj k ap vini an ak fredri ekstrèm nan. Priyorite Depatman an rete pou pwoteje yon sèvis elektrik fyab ak rezistan pou Nouyòkè yo grasa sipèvizyon regilatwa sou preparasyon ak repons konpayi sèvis piblik yo a nenpòt blakawout ki ka rive.

Sèvis piblik Nouyòk yo genyen kounye a apeprè 5,500 travayè disponib nan tout eta a pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta Nouyòk. Pèsonèl depatman an ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi asire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

Depatman an gen plis enfòmasyon disponib sou Preparasyon pou Ivè, tankou Sekirite pou Ivè ak pwoteksyon konsomatè aktyèl ki disponib nan: [Preparasyon pou Ivè | Depatman Sèvis Piblik la](#). Nou ankouraje piblik la pou [kontakte Biwo Sèvis Konsomatè Depatman \(Department's Office of Consumer Services\) an](#) pou plent oswa enkyetid konsènan sèvis piblik yo.

### **Lapolis Eta Nouyòk**

Lapolis Eta a ap siveye depre previzyon meteyo yo, epi l ap kowòdone ak patnè eta ak lokal nou yo pandan move tan ivè a ap kòmanse nan Nouyòk. Yo pral deplwaye patwouy siplemantè nan zòn ki afekte yo amezi tanpèt la ap vin pi fò, epi inite ansanm ak ekipman espesyalize yo pare pou entèvni nan ka ijans ki gen rapò ak move tan an.

### **Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC)**

Anplwaye Jesyon Ijans Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal (DEC), Ofisyè Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal, Gad Forè, yo ak anplwaye rejyonal yo rete an alèt epi yo ap kontinye siveye previzyon metewo yo. An kolaborasyon ak patnè ajans yo, DEC ap prepare pou kowòdone deplwaman tout resous ki disponib tankou premye entèvenan yo nan zòn ki sible nan preparasyon pou enpak ki posib akòz gwo van, lapli ki konjele, nèj ak glas.

DEC raple sila yo ki responsab pou netwaye epi jete pou swiv pi bon pratik jesyon pou ede anpeche inondasyon epi redui posibilite pou gen polyan tankou sèl, sab, gaz, fatra ak lòt debri pou yo pa afekte kalite dlo a. Eliminasyon nèj nan rivyè ak kouran dlo lokal yo ka kreye baraj glas ki ka lakòz inondasyon. Operatè pou retire nèj piblik ak prive yo ta dwe okouran de pwoblèm sekirite sa yo pandan ak apre tanpèt la. Gen enfòmasyon adisyonèl ki disponib nan [Seri Direktiv Teknik ak Operasyonèl Divizyon Dlo: Dispozisyon nèj](#).

### **Sekirite pou randone**

Move tan enprevizib ivè ak tanpèt nan Adirondacks, Catskills ak lòt zòn lwen kapab kreye kondisyon danjere ke yo pa t atann. Vizitè yo ta dwe prepare ak rad ak ekipman apwopriye pou nèj, glas ak fredri pou asire yon eksperyans ivènal an sekirite. Pwofondè nèj varye anpil nan tout Adirondacks yo, ak nèj ki pi pwofon nan wo elevasyon nan rejyon High Peaks ak lòt mòn ki depase 915 mètr (3,000 pye) yo. Santye ki pi ba yo gen kondisyon miks nèj, glas ak labou, ki gen ladan anpil santye nan mòn Catskill kote ki gen risk pou kondisyon santye glase yo.

Moun k ap vizite rejyon andeyò yo ta dwe [fè pridans](#) epi swiv bon jan gid sekirite. Planifye vwayaj kòm sadwa. Nan ka ijans, rele 9-1-1. Pou mande asistans Gad Forè, rele 1-833-NYS-RANGERS. Pandan ke kèk vwa navigab yo ka parèt jele, DEC konseye amatè aktivite deyò yo pou [revize konsiy sekirite sou glas yo](#) anvan yo deplase.

Yo konseye randonè yo pou evite tanporèman tout santye ki gen altitud wo yo ansanm ak santye ki travèse rivyè ak kouran dlo yo pandan gwo evènman tanpèt yo. N ap ankouraje randonè yo tcheke paj wèb DEC yo pou mizajou sou kondisyon santye yo, fèmti wout sezonye yo, ak enfòmasyon lwazi jeneral.

Pandan evènman move tan ekstrèm nan, DEC ankouraje tout moun ki renmen aktivite deyò yo pou yo anvizaje repòte pwojè yo. Sa pran sèlman 10 minit pou jèlman an kòmpanse, epi operasyon sekou yo ka mete randonè ak premye sekouris yo an danje. Si w pral nan randone, omwen asire w ou byen prepare epi swiv konsèy nou yo sou sekirite pou randone pandan sezon ivè a: [Sekirite sou Randone pandan Ivè](#)

### **Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik la**

Lapolis Pak Eta Nouyòk ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Yo ap alimante, teste epi prepare ekipman pou repons, pou fè entèvasyon nan ka tanpèt. Vizitè pak yo ta dwe vizite [parks.ny.gov](#), tcheke aplikasyon mobil gratis [NY State Parks Explorer](#) oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

### **Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA)**

Otorite Transpò Metwopoliten an ap siveye kondisyon meteyowolojik yo depre pou asire sèvis san danje ak fyab.

Anplwaye MTA yo ap prè pou simaye sèl, netwaye platfòm ak eskalye kote ki gen vèglas yo, epi asire siyal, entèriptè, ak twazyèm ray yo ap fonksyone, epi reponn a tout

pwoblèm ki gen rapò ak move tan an pandan tanpèt la. Yo pral ranvwaye tout travay antretyen yo te prevwa pandan dire tanpèt la.

Yo ankouraje kliyan yo pou tcheke [mta.info](http://mta.info) pou dènye mizajou sou sèvis la, epi pou yo pran prekosyon pandan y ap navige nan sistèm lan. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA a oswa aplikasyon TrainTime lan.

### **Otorite Pòtyè (Port Authority, PA)**

Otorite Pòtyè Nouyòk ak New Jersey ap siveye previzyon meteyo yo de prè epi travay ak operatè tèminal ayewopò yo ak lòt patnè ayewopò pou prepare yo. Vwayajè ayeryen yo ta dwe tcheke ak konpayi avyon yo pou dènye enfòmasyon sou vòl yo avan yo ale nan ayewopò a, oswa tcheke [sit entènèt Administrasyon Avyasyon Federal \(Federal Aviation Administration, FAA\)](http://sit.entènèt.Administrasyon.Avyasyon.Federal.(Federal.Aviation.Administration.FAA)) la pou tout pwogram FAA ki ka afekte operasyon vòl nan ayewopò kote y ap pati a oswa kote y ap rive a. Yo ankouraje anpil otomobilis ki itilize sis pon ak tinèl Otorite Pòtyè a pou enskri pou [alèt imèl](#) epi prevwa plis tan vwayaj. Moun ki itilize Tèminal Bis Midtown yo ka itilize aplikasyon [MyTerminal](#) la pou jwenn dènye enfòmasyon an tan reyèl, oubyen yo ka kontakte konpayi otobis yo dirèkteman pou wè si gen chanjman nan sèvis yo. Pasaje PATH yo ka tcheke enfòmasyon sou sèvis tren an atravè aplikasyon mobil PATH la, [RidePATH](#).

### **Konsèy sekirite sou kondwi pandan ivè**

- Siveye previzyon an pou zòn lokal ou a ak zòn ou ka vwayaje ladan.
- Evite vwayaj ki pa nesèsè yo.
- Si ou dwe vwayaje, asire ou ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou ou sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje. Si ou ta vin bloke, ou ap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote ou ye.
- Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan ou chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondwi byen. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.
- Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chasnèj yo se 56 kilomèt alè (35 mph), sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a.
- Anpil fwa sou otowout ant eta yo, chasnèj yo opere kòtakòt, pou netwaye san danje plizyè vwa yon sèl kou.
- Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chasnèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chasnèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chasnèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan.

- Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou otomobilis yo woule se lwen dèyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li. Pa janm eseye depase yon chasnèj pandan l ap fonksyone.

### **Konsèy sekirite sou entèripsyon kouran**

- Pa pwoche bò kote fil kouran ki tonbe atè oswa k ap pandye, epi pa manyen yo: konsidere tout fil kouran tankou yo gen kouran sou yo epi yo danjere. Kenbe timoun ak bèt kay lwen fil elektrik ki tonbe yo. Pa janm touche okenn liy oswa okenn bagay ki an kontak ak liy yo.
- Tcheke konpayi sèvis piblik ou a pou ou ka konnen orè reparasyon nan zòn nan.
- Etenn oswa deploge limyè ak aparèy menaje pou ou ka evite yon sichaj kouran lè yo repare sèvis la: kite yon limyè limen pou endike lè yo te retabli kouran.
- Si chalè a ale pandan yon tanpèt, kenbe kay la cho lè w fèmen chanm ou pa bezwen yo.

### **Pou rapòte yon blakawout, rele:**

Central Hudson: Elektrisite: 800-527-2714 oubyen Gaz: 800-942-8274

Con Ed: Elektrisite: 800-752-6633 oubyen Gaz: 800-752-6633

Corning Gas: 800-834-2134

Liberty Utilities (St. Lawrence Gas) Corp.: 800-673- 3301

Gaz Konbistib Nasyonal: 1-800-444-3130

National Grid:

- Elektrisite: 800-867-5222
- Long Island (gaz): 1-800-490-0045
- Metro NYC (gaz): 1-718-643-4050
- Rejyon Nò Eta a (gaz): 1-800-892-2345

NYSEG: Elektrisite: 800-572-1131 oubyen Gaz: 800-572-1121

O&R: Elektrisite: 877-434-4100 oubyen Gaz: 800-533-5325

PSEG-LI: 800-490-0075

RG&E: Elektrisite: 800-743-1701 oubyen Gaz: 800-743-1702

Pou plis konsèy sekirite, vizite [www.dhSES.ny.gov/safety](http://www.dhSES.ny.gov/safety).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)